

Wongororo yeIRMA Panzvimbo yemugodhi weKamativi, kubva musi wa 26 -30 Gumiguru 2026

Resilience Environmental Assurance Inokumbira Mawonero kubva kuVanhu vomunzvimbo, vashandi vemugodhi uye vamwe vanobatanidzwa

Nhasi, musi wa **15 Chikunguru 2026**, kambani yakazvimirira yekuongorora **Resilience Environmental Assurance** yazivisa kuti kubva musi wa **26 kusvika 30 Gumiguru 2026** ichashanyira **Mugodhi weKamativi** uri mudunhu reHwange muZimbabwe kuti iite chikamu chekuongorora chiri panzvimbo (on-site audit) sechikamu chekuongorora kwakazvimirira kunoitwa nebato rechitatu (independent third-party assessment) pamusoro pekushanda kwemugodhi zvichienderana ne **Initiative for Responsible Mining Assurance (IRMA) Standard for Responsible Mining**.

Mugodhi weKamativi unobvisa dombo rinonzi **spodumene** kuti rigadzire **lithium concentrate**. Mugodhi uyu wakaronga kugadzira **Lithium Sulfate** kubva ku lithium concentrate iyi. Pamusoro pezvo, unoronga kushandisa **Tin, Tantalum neNiobium Recovery System** pamwe ne **Amblygonite Separation Project**.

Panguva yavachange vari panzvimbo yemugodhi, vaongorori ve **Resilience Environmental Assurance** vachatora maonero kubva kune vanobatanidzwa vemunzvimbo — vanosanganisira munhu wese anokanganiswa nemabasa emugodhi zvakananga kana zvisina kunanga — kusanganisira vagari vemunzvimbo, vashandi vemugodhi, nevakuru vehurumende. Vaongorori vachatarisawo mashandiro emugodhi pamwe nezvivakwa zvawo zvinotsigira mabasa awo.

Kunyangwe chikamu chekuongorora chiri panzvimbo chapedzwa, maonero nemashoko achatumirwa kusvika musi wa **6 Mbudzi 2026** achabatanidzwa muchirongwa chekuongorora.

Ongororo ye **IRMA** inoburitsa mushumo wekuongorora unoiswa pachena munharaunda uye unoburitswa papeji yeIRMA yekuongorora: <https://responsiblemining.net/audits/kamativi-mine/>

Mushumo wekuongorora weIRMA uchatsanangura kuti **Resilience Environmental Assurance** yakayera sei kushanda kweMugodhi weKamativi ichienzanisa nezvinodiwa zvinodarika **400 zveIRMA Standard for Responsible Mining**, uye kuti sei yakapa mugodhi chiyevo ichocho.

Mushumo uyu uchapawo mwero wekubudirira kweMugodhi weKamativi zvichienderana nematanho eIRMA anoti: **IRMA Transparency, IRMA 50, IRMA 75, IRMA 100**

Kamativi Mining Company (KMC) inogona kushandisa ruzivo urwu pamusoro pemigumisiro yezvakatipoterredza uye yemagariro inokonzerwa nemabasa emugodhi kuti ivandudze mashandiro ayo.

Vamwe vanobatanidzwa, kunyanya nharaunda dzakakanganiswa nemugodhi pamwe nevashandi vemugodhi, vanogona kushandisa mushumo uyu wekuyedzwa kuti vataurirane neKMC nevamwe vachibva pachinzvimbo chakaenzana, kuitira kuvandudza mashandiro emugodhi nenzira dzakakosha kwavari.

Maonero enyu achabatsira **Resilience Environmental Assurance** kuongorora kukanganisa kunoitwa neMugodhi weKamativi kunharaunda dzemunharaunda uye kuyera mashandiro awo achienzaniswa nemaitiro akanakisa ekuchera zvicherwa.

Resilience Environmental Assurance inokukokai kuti munyore kuti mubvunzurudzwe nevaongorori pamberi kana panguva yekuongorora kuri panzvimbo, uye/kana kutumira mashoko enyu akanyorwa pamusoro peMugodhi weKamativi muchishandisa ruzivo rwekubata rwuri pasi apa.

Mabvunzurudzo anogona kuitwa ne **Chirungu, ChiNdebele, ChiShona, ChiTonga kana ChiNambya**.

Mabvunzurudzo akakumbirwa kusvika musi wa **19 Gumiguru 2026** anogona kuitwa muchisangana pachiso nechiso kana kure kure (kuburikidza nerunhare kana vhidhiyo) kusvika musi wa **29 Gumiguru 2026**.

Maonero nemashoko akanyorwa anotumirwa kusvika musi wa **7 Mbudzi 2026** achabatanidzwa mumhedzisiro yeongororo iyi.

PaIndaneti: <https://www.resilience-assurance.com/stakeholder-input/>

Email: stakeholderinput@resilience-assurance.com

Runhare: +27 73 112 5526

Kodhi yeQR yekuwana fomu rekutumira mashoko paIndaneti



Mabvunzurudzo nenhengo dzenharaunda achaitwa pasina kuvapo kwevashandi vemugodhi. Mabvunzurudzo nevashandi vasiri mamaneja achaitwa pasina kuvapo kwevatungamiriri, uye anogona kurongwa kuti aitwe kunze kwenzvimbo yemugodhi kana zvichikumbirwa.

Resilience Environmental Assurance ichachengetedza zvakananzika zvevanhu vanopa maonero. Zvisinei, mhando yezvose zvakananzurwa ichafupikiswa mumushumo wekupedzisira.

Kuti muwane rumwe ruzivo pamusoro pe:

- Ongororo yeMugodhi weKamativi kana kunyoresa kuti mugamuchire zviziviso zvitsva: <https://www.resilience-assurance.com/stakeholder-input/>
- Kambani yakazvimirira yekuongorora yakatenderwa neIRMA – **Resilience Environmental Assurance**: <https://www.resilience-assurance.com>
- Chinangwa cheIRMA, Standard yayo, nzira yekuongorora, kana dzimwe ongororo dzemigodhi: responsiblemining.net
- Kuendesha chichemo pamusoro pemaitiro ekuongorora: responsiblemining.net/complaints kana complaints@resilience-assurance.com